

VOICE ACASI AUDIO TRAINING SCRIPT INSTRUCTIONS (SHONA)

	TRANSLATED TEXT
Hello, my name is _____. I am going to set up the computer for your interview and show you how it works. If you have any questions at any time, please feel free to stop me and ask. We will work together until you feel comfortable using the computer on your own.	Mhoroi, zita rangu ndinonzi Ndichakugadzirirai computer yokuti mupindure mibvunzo nekukuratidzai mashandiro ayo. Kana muine chero mibvunzo chero nguva, ndapota sunungukai kundimisa mobvunza. Tichashanda tose kusvika magadzikana pakushandisa computer muri mega.
I want you to know that your answers to these questions are confidential. That means your personal information will be kept private and will not be discussed with anyone else.	Ndinoda kuti muzive kuti mhinduro dzamuchapa pamibvunzo iyi dzichachengetedzwa zvakavanzika. Izvi zvinoreva kuti umbowo hwezvakanandika pamusoro penyu huchachengetedzwa zvakavanzika uye huzokurukurwi nemumwe munhu.
The interview questions have been recorded on the computer, so instead of me asking you the questions, you will hear them through the headphones. You place the headphones on your head like this [<i>show ppt</i>]. You can adjust the loudness of the voice you hear by turning this knob [<i>show ppt</i>]. Do you have any questions?	Mibvunzo ichabvunzwa yakaiswa mucomputer, saka pane kuti ini ndikubvunzei mibvunzo, muchainzwa kubva mumaheadphones. Munoisa maheadphones pamusoro wenyu sezvizvi. [<i>show ppt</i>]. Munokwanisa kuwedzera kana kuderedza ruzha rweizwi ramunonzwa nekutenderedza kavhiri aka. [<i>show ppt</i>] Pane chero mibvunzo yamunayo here?
You will hear each question and the possible responses on your headphones. If you would like to answer the question before you have heard all of the possible responses, please feel free to do so. However, we ask you to take as much time as you need to think about the best answer to fit your situation. What you hear on the headphones is not “live” [explain more if needed] so you should not answer the questions out loud. Instead, I will show you how to answer the questions using this stylus	Muchanzwa mubvunzo wega wega nemhinduro dzingangoita pamaheadphones. Kana muchida kupindura mubvunzo musati manzwa mhinduro dzacho dzingangoita dzese ndapota sungunukai kuita saizvozvo. Zvisinei, tinokumbira kuti mutore nguva yose yamungade kufunga mhinduro yenyu yakanakisa inoenderana nemamiriro enyu. Zvamunonzwa mumaheadphones hazvisi kutaurirwa ipapo [explain more if needed] saka hamufanire kupindura mibvunzo muchidaidzira. Panekuti mudaro, ndichakuratidzai mapindurirwo emibvunzo tichishandisa penzura iyi.

	TRANSLATED TEXT
[show the participant how to use the stylus].	[show the participant how to use the stylus]
You can read the question at the same time, as it will also be displayed on the screen.	Munokwanisa kuverenga mubvunzo panguva imwe chete, sezvo inenge ichibudazve pagirazi recomputer
When you are asked a question, you will choose your answer by pressing the computer screen with the stylus Press the screen lightly and as straight as possible. [show ppt]	Pamunobvunzwa mubvunzo, muchasarudza mhinduro yenyu nekubaya pagirazi recomputer nepenzura. Bayai pagirazi zvinyoro-nyoro uye makanyatsonanga nepese pamunogona. [show ppt]
<p>Each question can have 2 to 6 possible responses. You select your response by pressing colored boxes, or a picture, or a box with a number in it.</p> <p>For example, if you are asked whether you are a female, there will be a red box next to “No” and a black box next to “Yes.” You would press the red box if you are male and the black box if you are female.</p> <p>For some questions, you may press a picture. If you press the picture, each tap will be included in the final tally for that question. The final tally you have entered will be read aloud by the computer. If you press more times than you meant to, you can press the black box to subtract from the tally.</p> <p>You will also be able to enter “0” for some questions by pressing the red box</p> <p>For other questions, you may press the box with the number corresponding to your answer for that</p>	<p>Mubvunzo wega wega unogona kuva nemhinduro dzingangoita mbiri kusvika nhanhatu. Munosarudza mhinduro yenyu nekubaya mabhokisi ane mavara kana mufananidzo, kana bhokisi rine nhamba mukati.</p> <p>Semuenzaniso, kana mukabvunzwa kuti muri munhukadzi here, panenge pane bhokisi dzvuku padivi pa “Kwete” uye nebhokisi dema padivi pa “Hongu.” Imi muchabaya bhokisi dzvuku kana muri munhurume uye bhokisi dema kana muri munhukadzi</p> <p>Pane mimwe mibvunzo mungangobaya mufananidzo. Kana mukabaya mufananidzo, pese pamunobaya zvinyoro-nyoro pachasanganisirwa muhuwandu hwekupedzisira hwemubvunzo iwoyo. Huwandu hwekupedzisira hwamapinza (mucomputer) huchaverengwa necomputer ichidaidzira.</p> <p>Kana mukabaya kakawanda kudarika zvamanga muchida, munogona</p>

	TRANSLATED TEXT
question	<p>kubaya bhokisi dema kudzikisa huwandu .</p> <p>Munokwanisazve kuisa “0” pane mimwe mibvunzo nekubaya bhokisi dzvuku</p> <p>Pane mimwe mibvunzo, munokwanisa kubaya bhokisi rine nhamba inoenderana nemhinduro yenyu pamubvunzo iwoyo.</p>
If you need to hear a question again, you may press the picture of the woman at the top of the screen with the stylus	Kana muchida kunzwa mubvunzo zvakare, munokwanisa kubaya mufananidzo wemunhukadzi uri kumusoro kwegirazi recomputer nepenzura.
If you want to go back to the previous question, press the big white box at the bottom left of the computer.	Kana muchida kudzokera kumubvunzo wekumashure, bayai bhokisi guru riri nechepasi kuruboshwe rwecomputer.
Let’s try some practice questions together – the first question asks whether you are a woman. Press the black box once to confirm that you are. After you have answered the question, the computer will tell you to press the green box to go to the next question.	Ngatimboedza mibvunzo yekudzidzirira tiri tese- mubvunzo wekutanga unobvunza kana muri munhukadzi. Bayai bhokisi dema kunyatsoratidza kuti muri. Mushure mekupindura mubvunzo, computer ichakuudzai kuti mubaye bhokisi regreen kuti muende kumubvunzo unotevera
Let’s try another practice question. This question asks about your children. You have the option of choosing “0” by pressing the red box or by pressing the picture once for each child you had that was born alive. [<i>May be helpful to give example – “if you have four children, you would press the picture four times”</i>]. After you have entered the number of children you had, the computer will tell you to press	<p>Ngatimboedzai umwe mubvunzo wekudzidzira. Mubvunzo uyu unobvunza nezvevana venyu. Mune mukana wekusarudza “0” nekubaya bhokisi dzvuku kana kubaya mufananidzo kamwe pamwana wega wega wamakaita akazvara ari mupenyu.</p> <p>[<i>May be helpful to give example – “ kana muine vana vana, munobaya mufananidzo kana”</i>].</p>

	TRANSLATED TEXT
<p>the green box to go to the next question.</p>	<p>Mushure mekunge mapinza mucomputer huwandu hwevana vamakazvara, computer ichakutaurirai kuti mubaye bhokisi regreen kuti muende kumubvunzo unotevera</p>
<p>Let’s try another practice question. This question asks about your age and gives you four age ranges to choose from, including “don’t know” and then the computer will tell you to press the green box to go to the next question.</p> <p><i>[It may be helpful to give an example – “if you are 22 years old, you would press the box indicating 18-24”]</i></p> <p>Please press the correct answer now. Do you understand?</p>	<p>Ngatiedzei mumwe mubvunzo wekudzidzira. Mubvunzo uyu unobvunza nezvezera renyu uchikupai zvikamu zvina zvezvera amunogona kusarudza, zvichisanganisira kuti “handizivi” ipapo computer inobva yakuudzai kuti mubaye bhokisi regreen kuti muende kumubvunzo unotevera.</p> <p><i>[It may be helpful to give an example – “kana muine makore makumi maviri nemavirimunobaya bhokisi rinoratidza 18-24”.</i></p> <p>Ndapota bayai mhinduro yechokwadi izvozvi. Muri kunzwisisa here?</p>

	TRANSLATED TEXT
<p>Here is another practice question. This question asks about the number of days you went to the market in the past 7 days. Here, you press the box corresponding to the number of days you went to the market in the past 7 days. For example, if you went to the market on two days, you will press the number 2 box.</p>	<p>Houno umwe mubvunzo wekudzidzira.Mubvunzo uyu unobvunza pamusoro pemazuva amakaenda kumusika mumazuva manomwe apfuura Apa, munobaya bhokisi rine nhamba inoenderana nemazuva amakaenda kumusika mumazuva manomwe apfuura.Semuenzaniso, kana mukaenda kumusika mazuva maviri, muchabaya bhokisi rine nhamba 2.</p>
<p>Let's try another practice question. This question asks about the meals you ate in the past week. Here, for each day, you have the option of choosing yes by pressing the black box, if you ate a meal on that day or choosing no by pressing the red box if you did not eat a meal on that day, or choosing "do not remember" by pressing the yellow box.</p> <p>After you have answered for all seven days, the computer will tell you to press the green box to go to the next question.</p> <p>Let's try with yesterday...Please press the correct answer now for yesterday. Do you understand?</p>	<p>Ngatiedzei umwe mubvunzo wekudzidzira.Mubvunzo uyu unobvunza pamusoro pechikafu chamakadya mumazuva manomwe apfuura.Apa, pazuva rega rega, munogona kusarudza hongu nekubaya bhokisi dema, kana makadya chikafu pazuva iroro kana kusarudza kwete nekubaya bhokisi dzvuku kana musina kudy chikafu pazuva iroro, kana kuti "handizivi" nekubaya bhokisi reyellow</p> <p>Kana mapedza kupindura pamazuva ese manomwe, computer ichakuudzai kuti mubaye bhokisi regreen kuti muende kumubvunzo unotevera</p> <p>Ngatiedzei nanezuro... Ndapota bayai mhinduro chaiyo ikozvino nezvanezuro. Manzwisisa here?</p>
<p>Let's try going through these practice questions again but this time with the headphones.</p>	<p>Ngatiedzei kuita mibvunzo iyi yekudzidzira zvakare asi iyezvino tichishandisa mahead phones</p>
<p>You have done very well in learning how to use the computer and headphones. I think you are ready to</p>	<p>Magona chaizvo kudzidzira kushandisa computer nemaheadphones. Ndinofunga kuti ikozvino magadzirira kupindura mibvunzo ichabvunzwa muri</p>

	TRANSLATED TEXT
<p>now answer the interview questions on your own.</p> <p>Do you have any questions before you proceed? [<i>Discuss as needed.</i>]</p> <p>Now I'm going to leave the room so you can answer the questions in private. I will be sitting just outside the room if you have any questions. Please remember to take off your headphones and come get me when you are finished or if you have any questions during the interview.</p>	<p>mega.</p> <p>Mune chero mibvunzo yamunayo here musati maenderera mberi? [<i>Discuss as needed.</i>]</p> <p>Ikozvino ndichabuda mukamuri ino kuti mukwanise kupindura mibvunzo muchivande. Ndinenge ndakagara panze pekamuri kana muine chero mibvunzo. Ndapota rangarirayi kubvisa maheadphones uye mouya kuzonditora kana mapedza kana kuti muine chero mibvunzo pamunenge muchipindura mibvunzo</p>